

# Sètifikasyon Divèsifye & Ti Biznis yo:

## Èske li bon pou Konpayi ou an ?

Commonwealth nan Massachusetts angaje nan yon pwosesis akizyon konpetitiv, transparan ak ekkitab, sa ki asire ke ti biznis divèsifye enkli nan chèn apwovizyonman Commonwealth. Li pou wè si biznis ou an ka benefisye nan vin sètifye atravè Biwo Divèsite Founisè [Supplier Diversity Office (SDO)].

### Ki benefis sètifikasyon an genyen?

Sètifikasyon SDO a disponib gratis pou biznis ou. Konpayi sètifye yo resevwa envitasyon pou fòmasyon, rezo ak aktivite rankont. Sa ki pi enpòtan, sètifikasyon ouvè pòt pou konpayi w lan patisipe nan twa Pwogram Commonwealth sa yo:

- **Pwogram Divèsite Founisè [Supplier Diversity Program (SDP)]** te etabli pou ankouraje divèsite, egalite ak enklizyon nan kontra eta pou pwodui ak sèvis nan asire patisipasyon konplè diferan biznis. Gade kazyè ki sou bò dwat la pou w jwenn lis kategori biznis ki elijib yo.
- **Pwogram Acha Ti Biznis [Small Business Purchasing Program (SBPP)]** vize pou ankouraje kwasans ti biznis Massachusetts yo. Misyon konbine pwogram sa yo se pou ogmante opòtinite biznis pou ti biznis divèsifye yo.
- **Pwogram Maketing Afimativ [Affirmative Marketing Programs] (Eta ak Minisipal)** te etabli pou bay opòtinite pou MBE, WBE, SDVOBEak VBE yo nan konsepsyon ak konstriksyon bilding eta a ansanm avèk bilding yo ke eta finanse.

### Kiyès ki elijib pou sètifye?

Elijiblite depann sou direktiv chak kategori sètifikasyon. Nan yon fason Jeneral, prensipal(yo) (51% pwopriyete) konpayi an te aplike pou sètifikasyon dwe yon manm nan kategori ki kalifye a —yon fanm, manm yon gwoup minorite, oswa veteran, pa egzanp. Prensipal la(yo) dwe kenbe kontwòl konpayi an kòm yon biznis endepandan ak pèmanan. Sètifikasyon pou ti biznis Massachusetts yo depann sou lokasyon biznis lan, gwosè ak kantite anplwaye yo.

### Vin Sètifye pa Biwo Divèsite Founisè a [Supplier Diversity Office]

1. **Vizite [www.mass.gov/sdo/start](http://www.mass.gov/sdo/start)** pou chèche konnen ki sètifikasyon ki kapab adapte avèk biznis ou ak ki pwochen etap ou ta dwe pran.
2. **Anrejistre biznis ou nan COMMBUYS.** Enskri pou alèt pou nouvo òf epi aprann plis sou kontra nan tout eta. Si ou se yon ti biznis ki baze nan Massachusetts, rejwenn oswa renouvle patisipasyon w nan Pwogram Acha Ti Biznis [Small Business Purchasing Program participation].
3. **Si ou se yon biznis ki baze nan Massachusetts - patisipe nan yon atelye travay pre-sètifikasyon.** Swiv règ ak règleman yo osijè pwosesis sètifikasyon ak pwogram divèsite founisè.
4. Biznis yo ki pa nan Massachusetts, tanpri vizite paj “Pwogram Sètifikasyon” SDO yo nan [www.mass.gov/sdo](http://www.mass.gov/sdo).
5. **Aplike pou sètifikasyon.** Rasanble dokiman w epi soumèt aplikasyon w pou konsiderasyon.
6. **Metè nou nan travay!** Sètifikasyon se sèlman kòmansman —chèche potansyèl kliyan yo, aprann plis sou kontra, ak kòmansè pwomote tèt ou kòm yon biznis divèsifye.

**Kontakte Nou!** Pou w jwenn plis enfòmasyon sou pwogram sètifikasyon divèsifye ak ti biznis, règleman ak fòm yo, tanpri konsilte paj entènèt SDO nan [mass.gov/sdo](http://mass.gov/sdo). Pou lòt demann yo, imèl nou nan [Webmaster.SDO@mass.gov](mailto:Webmaster.SDO@mass.gov).

### SDO ka ede biznis ou resevwa sètifikasyon sa

yo:

- **Antrepriz Biznis Minorite [Minority Business Enterprise (MBE)]** oswa **Òganizasyon Non-Pwofi [Nonprofit Organization (M/NPO)]**
- **Antrepriz Biznis Fanm [Women Business Enterprise (WBE)]** oswa **Òganizasyon Non-Pwofi [Nonprofit Organization (W/NPO)]**
- **Antrepriz Biznis Pòtigèz [Portuguese Business Enterprise (PBE)]**
- **Antrepriz Biznis Veteran [Veteran Business Enterprise (VBE)]**
- **Sèvis Veteran Andikape – posede Antrepriz Komèsyal [Service-Disabled Veteran-Owned Business Enterprise (SDVOBE)]**
- **Andikap –ki posede Antrepriz Komèsyal [Disability-Owned Business Enterprise (DOBE)]**
- **LGBT- posede Antrepriz Komèsyal [LGBT Owned Business Enterprise (LGBTBE)]**
- **Ti Biznis ki baze nan Massachusetts [Massachusetts-based Small Business]**